



Department of  
Education

Joel I. Klein, Chancellor

**POU :** Òganizasyon pou sipò nan lekòl, *Superintendent* kominotè, *Superintendent Distri 75*, *Superintendent* lekòl segondè ak pwogram altènatif yo, Direktè egzekitif Sant sèvis entegre *Integrated Service Center (ISC)* , Direktè, Prezidan CPAC, Prezidan UFT, Prezidan CSA

**SOTI NAN BIWO :** Kathleen Grimm  
Chanselye adjwen pou Finans ak Administrasyon

**SIJÈ :** Semenn pou vizite lekòl ak semenn pou reyinyon paran-pwofesè pou ane akademik 200-2010

**DAT :** 16 Jen 2009

---

*Revizyon an konsène chanjman dat konferans pwofesè-paran apremidi k ap fèt nan prentan an pou lekòl presegondè yo(pou Madi 23 mas 2010).*

## 1. SEMENN VIZIT NAN LEKÒL

N ap selebre Semenn vizit nan lekòl *Open School Week* pandan semenn 15 novanm jiska 21 novanm. Tèm pou semenn lan se “Bonjan lekòl leta : yon dwa fondamantal, epi sa gen pou wè ak responsablite nou.” Se moman pou ranfòse relasyon ant paran ak lekòl pou tabli yon patnarya dinamik ki nesese pou garanti siksè akademik chak elèv. Lekòl yo dwe ofri pwogram ak konferans enteresan, epi yo dwe mete tou adispozisyon timoun ak paran yo materyèl ak ekspozisyon pou timoun ak paran ki ankouraje yo fè vizit nan tout nivo.

Apati me 2009, gen yon resous enpòtan k ap disponib pou fanmi nan tout vil, ki rele Link ARIS pou paran ARIS Parent Link((APL),Li gen ladan l enfòmasyon patikilye sou elèv konsènan prezans, relvenòt, rezilta egzamen leta y oak rezilta evalyasyon ki fèt chak peryòd yo. Lekòl yo tad we ede paran yo gen aksè nan resous valab sa a, ankouraje yo ale sou entènèt epi gade enfòmasyon sou pèfòmans pitit yo avan reyinyon pwofesè-paran yo. Lekòl yo ta dwe konsidere tou organize reyinyon pwofesè-paran yo pou gade enfòmasyon kin an APL yo andirèk sou entènèt, Si li posib pou yo enstale yon konpitè. APL ka ofri yon anviwònman travay pouf è konvèsasyon ki itil ant paran-pwofesè .

Tout anplwaye lekòl la dwe mete tèt yo ansanm toutbon vre pou ankouraje patisipasyon paran nan tout aktivite ki gen pou wè ak lekòl la, e pou fè lekòl yo tounen yon anviwònman akeyan pou tout paran yo. Anplwaye yo pral travay avèk Defansè dwa fanmi nan Distri a *District Family Advocate (DFA)* ak Direktè minisipal yo *Borough Directors (BD)* pou Biwo pou angajman ak defans dwa fanmi *Office of Family Engagement and Advocacy (OFEA)* pou tabli pwosedi pou paran vizite salklas, e pou mete pwosedi sa yo nan avi y ap voye ba paran lakay yo. Tout avi yo dwe tradui nan lang paran yo pale lakay yo pou asire patisipasyon yon pi gran kantite paran.

## 2. REYINYON PARAN-PWOFESÈ

Konferans Paran-Pwofesè yo mete nan korespondans sa a pa dwe sèvi pou limite kantite lòt kalite reyinyon paran-pwofesè. Anplis reyinyon paran-pwofesè nou site yo, itilizasyon nòt, klas, oryantasyon, ak reyinyon endividyèl, paegzanp reyinyon sou Pwogram edikatif endividyèl *Individual Education Program (IEP)* pou elèv Edikasyon espesyal ant paran ak pèsonèl lekòl la, se abidid ki bon anpil ke yo dwe ankouraje pandan tout ane eskolè a.

Lekòl yo pa dwe chanje dat yo fikse pou reyinyon ki pou fèt nan apremidi nan vil la yo site pi ba a, pou yo pa fèt menm lè ak pwogram pwomnad lòt lekòl yo oswa pou yo lakòz pwoblèm pou lòt sèvis transpò ak

enkonvenyan nan kalandriye a. Si gen kèk paran anpatikilye ki gen pwoblèm ak dat oswa lè yo, n ap ankouraje yo mete yo dakò ak pwofesè yo pou yo chwazi yon lè ki bon pou fè reyinyon paran-pwofesè a. Nou pa p pèmèt yo fikse demi jounen travay anplis pou reyinyon paran-pwofesè yo pou fè sèten nou itilize omaksimòm kantite tan ki disponib pou anseye. Nou fikse yon dat pou fè yon konferans pwofesè-paran nan apremidi chak semès pou chak nivo eskolè ak jou konferans pou bay kredi pou lekòl yo satisfè kondisyon Leta ki se 180 jou lekòl. Pou Rapò sou prezans lekòl pou peryòd la *Period Attendance Report* (PAR), yo dwe note tout jou yo planifye fè reyinyon paran-pwofesè yo kòm jou yo anseye.

### 3. DAT N AP FÈ REYINYON PARAN- PWOFESE POU ANE AKADEMIK 2009-2010

ASWÈ*
-------

APREMIDI
----------

#### LEKÒL PRIMÈ, OTÒN 2009

*Lendi 9 novanm 2009 – aswè
-----------------------------

Madi 10 novanm 2009 – Apremidi
--------------------------------

#### LEKÒL PRIMÈ, PRENTAN 2010

*Lendi 16 mas 2010 – Aswè
---------------------------

Madi 16 mas 2010 – Apremidi
-----------------------------

#### LEKÒL PRESEGONDÈ, OTÒN 2009

*Lendi 16 novanm 2009 – Aswè
------------------------------

Madi 17 novanm 2009 – Apremidi
--------------------------------

#### LEKÒL PRESEGONDÈ, PRENTAN 2010

*Mèkredi 24 fevriye 2010 – Aswè
---------------------------------

Madi 23 mas 2010 – Apremidi
-----------------------------

#### LEKÒL SEGONDÈ, OTÒN 2009

*Jedi 29 oktòb 2009 – Aswè
----------------------------

Vandredi 30 oktòb 2009 – Apremidi
-----------------------------------

#### LEKÒL SEGONDÈ, PRENTAN 2010

*Jedi 18 mas 2010 – Aswè
--------------------------

Vandredi, 19 mas 2010 – Apremidi
----------------------------------

#### \*\*PWOGRAM NAN LEKÒL DISTRI 75, OTÒN 2009

*Mèkredi, 5 novanm 2008 – Aswè
--------------------------------

Jedi, 6 novanm 2008 – Apremidi
--------------------------------

#### \*\*PWOGRAM NAN LEKÒL DISTRI 75, PRENTAN 2009

*Lendi 22 mas 2010 – Aswè
---------------------------

Madi 23 mas 2010 – Apremidi
-----------------------------

\* Lekòl yo ka chwazi dat pou reyinyon y ap fè aswè yo ki diferan ak dat nou site pi wo a. Dat ak lè yo chwazi yo dwe pèmèt patisipasyon paran, kidonk yo pa dwe mande yo pou yo prezante anvan 5è30 pm kòmka pou akomode orè travay pi fò paran yo, epi enfòmasyon an dwe nan dosye a. Yo dwe avize paran yo omwen kat semenn alavans. (Lè l nesèsè, yo dwe tradui avi yo nan lang ke popilasyon elèv nan lekòl la reprezante). Yo pa dwe chanje tout dat reyinyon k ap fèt nan apremidi yo. Nou dwe note tou li obligatwa pou pran dezètan edmi pou reyinyon aswè yo. N ap raple direktè yo pou yo mande pèsònèl pou garanti sekirite nan lekòl la omwen yon semenn anvan reyinyon aswè yo. Pou Pwogram Prematènèl ki fèt mwaye jounen nan lekòl leta yo, al gade seksyon 6 pi ba a.

\*\* Pwogram nan lekòl Distri 75 yo ki loje nan yon lekòl ki pa nan Distri 75, dwe adapte orè yo ak dat pou reyinyon paran-pwofesè k ap fèt nan apremidi ak aswè yo nou endike pi wo a. Administrasyon lekòl endepandan Distri 75 yo dwe adapte orè yo ak dat reyinyon paran-pwofesè apremidi ak aswè yo nou site pou Pwogram lekòl Distri 75 yo (gade pi wo a).

**Lòt remak :** Lekòl yo ki genyen plis pase yon nivo eskolè (primè, presesondè, segondè), dwe gen youn nan seri dat yo nan dosye yo anvan kòmansman ane akademik 2009-2010.

#### **4. ANILASYON AKTIVITE K AP FÈT NAN SWARE JEDI 29 OKTÒB 2009 AK JEDI 18 MAS 2010**

N ap anile aktivite nan Pwogram pou granmoun kontinye fòmè tèt yo lè y ap òganize reyinyon aswè yo.

#### **5. PWOSEDI TRANSPÒ POU REYINYON APREMIDI YO**

Yo konsakre dezèdtan nan lè lekòl pou entèvyou nan apremidi ant paran ak pwofesè. Anjeneral nou ranvwaye elèv yo pou peryòd dezèdtan sa a. Yo dwe bay elèv nan klas regilye yo transpò nan otobis dapre lè yo ranvwaye yo. Yo dwe lage elèv yo twazèdtan anvan lè yo ta dwe ranvwaye yo regilyèman pou jounen an. Yo dwe fè aranjman kòm sadwa pou chanjman nan transpò, nan orè pou manje midi, ak pou enfòmè paran yo.

#### **6. ORÈ DEMI JOUNEN POU PWOGRAM PREMATÈNÈL NAN LOKAL LEKÒL LETA YO**

Sesyon trimès otòn ak prentan yo fèt pou dire menú kantite tan pou tout elèv. Nan trimès Otòn lan, nan dat reyinyon apremidi pou lekòl primè, elèv ki nan pwogram prematènèl maten yo dwe patisipe nan sesyon maten an, avèk elèv pwogram jadendanfan apremidi yo ki pa p gen pou vin lekòl jou sa a. Nan trimès Prentan an, nan dat reyinyon pou lekòl primè k ap fèt nan apremidi a, elèv pwogram jadendanfan apremidi yo dwe patisipe nan sesyon k ap fèt nan maten an, avèk elèv pwogram jadendanfan maten yo ki pa p gen pou vin lekòl jou sa a.

#### **7. RAPÒ SOU REYINYON PARAN-PWOFESÈ POU ANE AKADEMIK 2009-2010**

Direktè yo dwe voye enfòmasyon sa yo sou fòm ki vini ak dokiman sa a ba Darlene Sanchez (dsanche2@schools.nyc.gov) nan Biwo pou Angajman ak Defans Dwa Fanmi Office for Family Engagement and Advocacy(OFEA) :

- 7.1 Kantite paran k ap patisipe nan reyinyon apremidi y ap fè ann Otòn yo.
- 7.2 Kantite paran k ap patisipe nan reyinyon aswè y ap fè ann Otòn yo.
- 7.3 Kantite paran k ap patisipe nan reyinyon apremidi y ap fè nan Prentan yo.
- 7.4 Kantite paran k ap patisipe nan reyinyon aswè y ap fè nan Prentan yo.
- 7.5 Kantite kanè y ap distribye ba paran anvan dat reyinyon paran-pwofesè ann Otòn yo.
- 7.6 Kantite kanè y ap distribye ba paran anvan dat reyinyon paran-pwofesè nan Prentan yo.
- 7.7 Kantite kanè y ap distribye ba paran nan dat reyinyon paran-pwofesè ann Otòn ak nan Prentan yo.

OFEA dwe resevwa enfòmasyon sou trimès Otòn lan ki soti nan men direktè yo nan dat **Vandredi 11 desanm 2009** pou pi ta ak enfòmasyon sou trimès Prentan an nan dat **Vandredi 7 me 2010** pou pi ta. Yo dwe konsève enfòmasyon sa yo nan dosye.

#### **Pou kesyon konsènan:**

- Transpòtasyon pou elèv prematènèl, lekòl yo dwe telefone nan 718-482-3800. Pou tout lòt kesyon sou transpòtasyon elèv, lekòl yo dwe telefone nan 718-392-8855.
- Sekretè Biwo pou kontwòl elèv/pèsonèl k ap kontwole prezans elèv dwe kontakte moun ki reprezante lyezon yo nan Divizyon PAR la lè l ap fè rapò sou kesyon ranvwa ak sou PAR.
- Pou kominike pi byen avèk paran ki pa pale angle oswa paran ki pa pale angle twò byen yo, pèsonèl ki nan lekòl yo dwe telefone Divizyon ki responsab tradiksyon ak entèpretasyon nan DOE a nan 718-752-7373 ekstansyon 4 pou mande sèvis entèpretasyon pa telefòn pandan reyinyon paran-pwofesè k ap fèt apremidi ak aswè yo. Sèvis sa yo ap disponib jiska 8è30 pm nan dat reyinyon k ap fèt aswè yo.
- Yo dwe adrese tout lòt kesyon konsènan dokiman sa a ba OFEA nan (212) 374-2323.

